**दिन—शनिवार** **दिनांक—25.07.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केन्द्रीय शिक्षा मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान आइ अपन पद सँ इस्तिफा दऽ देलनि। प्रधानंत्री नरेन्द्र मोदी के पठाओल गेल अपन त्यागपत्र मे श्री प्रधान जनौलनि जे पछिला दस दिनक घटना सँ हुनक मन व्यथित छल आओर ई हुनक लेल व्यक्तिगत प्रतिष्ठाक विषय नहि अछि। ओ जनौलनि जे भारतक युवा शक्ति देशक सभ सँ पैघ ताकत छथि आओर युवा सभ के भ्रमक कुचक्र मे नहि फसय देल जायत। श्री प्रधान जनौलनि जे ओ त्यागपत्र एहि लेल देलनि जाहि सँ जंतर—मंतर आओर देश मे जे अखन स्थिति बनल अछि ओकर राष्ट्र विरोधी ताकत लाभ नहि उठा सकय। त्यागपत्र मे श्री प्रधान प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक मार्गदर्शन, विश्वास आओर सहयोग लेल आभार जतौलनि।

---

उपराष्ट्रपति सी.पी राधाकृष्णन जनौलनि जे संसद मे विताओल गेल हरेक दिन घंटा, मिनट आओर हरेक पल लोकतंत्र के मजगूत बनेबाक लेल होयबाक चाहि। नव दिल्ली मे आइ राज्यसभाक नव निर्वाचित आओर मनोनित सदस्य सभ लेल आयोजित दू दिवसीय आरियनटेशन आओर प्रशिक्षण कार्यक्रमक उद्‌घाटन समारोह के संबोधित करैत ई जनतब देलनि।

---

कॉकरोच जनता पार्टी— सीजेपी आंदोलन वापिस लेबाक घोषण कऽ देलक अछि। नव दिल्ली मे केन्द्र सरकार दिस सँ केन्द्रीय मंत्री जे.पी.नड्‌डा आओर जितेन्द्र सिंहक सोझा सीजेपीक प्रतिनिधि सभ आंदोलन समाप्त करबाक घोषणा कयलनि। संयुक्त प्रेस कॉन्फ्रेंस मे केन्द्र सरकार दिस सँ जनाओल गेल अछि जे आंदोलनकारी सभक उचित मांग के मानि लेल गेल अछि। सीजेपीक प्रतिनिधि सभ प्रदर्शनकारी सभ सँ जंतर—मंतर सहित सभ ठाम सँ शांतिपूर्वक लौटबाक लेल जनौलक अछि।

---

नीट पेपर लीक मामला के लऽ कऽ वामपंथी छात्र संगठन सहित कतेको छात्र संगठन सभ बिहार बंदक आह्वान कयने छल। बंद के राजद सहित कतेको विपक्षी दल सेहो अपन समर्थन देलक अछि। एहि के देखैत प्रदेशभरि मे सुरक्षा व्यवस्था कड़गर कऽ देल गेल। एहि लेल सभ संवेदनशील स्थान, रेलवे स्टेशन आओर सरकारी प्रतिष्ठान सभ पर पुलिस बल आओर क्विक रिस्पांस टीम तैनात रहल। राजधानी पटना मे कोनो स्थिति सँ निपटबा लेल अर्धसैनिक बलक कतेको कंपनी सेहो तैनाती कयल गेल। एम्हर, हमर संवाददाता सभ जनौलनि जे कतेको जिला मुख्यालय मे छात्र सभ अपन मांग के लऽ कऽ विरोध प्रदर्शन कयलनि। किछु ठाम प्रदर्शनकारी छात्रक, पुलिसक संग झड़प सेहो भेल। एहि बिच प्रदर्शनकारी सभक संग–संग किछु पुलिसकर्मी के घायल होयबाक खबरि भेटल अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक अगुआई मे एनडीए सरकारक सय दिन पूरा भऽ गेल । एहि मौका पर पटनाक बीआईटी मेसरा ऑडिटोरियम मे आयोजित कार्यक्रम मे मुख्यमंत्री एगारह हजार चारि सय चौंसठि करोड़ टाकाक लागति सँ दू हजार चारि सय छिहत्तर विकास योजनाक शिलान्यास आ उद्घाटन कयलनि। एहि सँ राज्य मे आधारभूत संरचना, शिक्षा, उद्योग, पर्यटन, प्रौद्योगिकी आ रोजगारक क्षेत्र मे विकास के नव गति भेटत। कार्यक्रम मे उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आओर बिजेंद्र प्रसाद यादव सहित मन्त्रिपरिषदक कतेको सदस्य, विधायक, विधान पार्षद आ कतेको विभागक वरिष्ठ अधिकारी सभ छलाह। ओतही, एक आन कार्यक्रम मे मुख्यमंत्री आइ पटनाक लोकनायक जयप्रकाश नारायण अस्पताल मे दू सय पच्चीस करोड़ टकाक लागति सँ बनल आधुनिक भवनक उद्घाटन कयलनि। संगही वेटनरी कॉलेज परिसर मे मुख्यमंत्री प्रधानमंत्री ई–बस सेवा मे एसी आ नॉन एसी बस के हरियर झंडा देखा कऽ रवाना कयलनि।

———————————————————————

भारतीय जनता पार्टी, विधानमंडल दलक बैसक आइ पटना मे पार्टी कार्यालय मे भेल। पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीनक अध्यक्षता मे बजाओल गेल बैसक मे संगठन सँ जुड़ल कतेको मुद्दा पर चर्चा कयल गेल। बैसक मे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर आनो–आन वरिष्ठ नेता सभ रहैथि।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी काल्हि आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे देश आ विदेशक लोक सभ सँ अपन विचार साझा करतह। ई मासिक रेडियो कार्यक्रमक एक सय

छत्तीसम कड़ी होयत। कार्यक्रमक प्रसारण आकाशवाणी आ दूरदर्शनक सभ चैनल, एआईआर न्यूजक वेबसाइट आओर न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल ऐप पर कयल जायत। बाद मे मैथिली भाषा मे एकर प्रसारण आकाशवाणीक दरभंगा केंद्र सँ कयल जायत। एहि प्रसारण के दोबारा राति आठ बजे सँ सेहो सुनल जा सकैत अछि।

————————————————————————

कामेश्वर सिंह संस्कृत विश्वविद्यालयक राष्ट्रीय सेवा योजना इकाई द्वारा आइ माई भारत पोर्टल पर पंजीकरण अभियान चलाओल गेल। एहि बिच युवा सभ के पोर्टल पर पंजीकरणक प्रशिक्ष देल गेल।

————————————————————————

मानसूनक सक्रियता सँ प्रदेशक बेसीतर भाग मे बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग आइ सुपौल, अररिया, किशनगंज, रोहतास, भभुआ आ औरंगाबाद सहित राज्यक उत्तर–पूर्व आ दक्षिण–पश्चिम भाग मे कतेको ठाम तेज हवाक संग बरखाक अलर्ट जारी कयलक अछि। एहि बिच किछु ठाम ठनका सेहो खसि सकैत अछि।

————————————————————————

समाप्त